**BILIM VA MALAKALARNI BAHOALSH AGENTLIGI**

*Bilimingga ishon va muvaffaqiyatga erish!*

## ULÍWMA ORTA BILIM BERIW MEKTEPLERI, AKADEMIYALÍQ LICEYLER HÁM KÁSIP-ÓNER KOLLEDJLERI OQÍWSHÍLARÍNÍŃ ULÍWMA BILIMLENDIRIW PÁNLERI BOYÍNSHA OLIMPIADASÍNÍŃ IV (RESPUBLIKA) BASQÍSHÍ QATNASÍWSHÍLARÍ USHÍN

# QARAQALPAQ TILI HÁM ÁDEBIYAT

### PÁNINEN

# TEST TAPSÍRMALARÍ KITABÍ

*Qatnasıwshınıń familiyası, atı hám ákesiniń atı* *Qolı*

Bilim hám mamanlıqtı bahalaw agentligi © 2024

Bul test variantı 30 (1-30) test tapsırmasınan ibarat.
Kitap jabıq hám ashıq túrdegi test tapsırmaların óz ishine aladı. Test tapsırması ushın ajıratılǵan ball hárbir test tapsırmasında jazıp kórsetilgen.
Jabıq túrdegi test tapsırmalarında berilgen tórt juwaptan bir juwaptı tańlaw hám juwaplar betine tańlanǵan juwapqa sáykes bolǵan háripti (A, B, C yaki D) tapsırmanıń qatar sanına sáykes orınǵa jazıw kerek.
Ashıq túrdegi test tapsırmalarınıń juwabın juwaplar betindegi tapsırmanıń qatar sanına sáykes orınǵa tolıq hám anıq jazıw kerek.
Sáykeslendiriwdi talap etiwshi jabıq test tapsırmaları ushın ulıwma altı (A-F) juwap variantları berilgen bolıp, úsh tapsırmaǵa (28, 29, 30-test tapsırmaları) usı juwaplar arasınan sáykes túrde birewden durıs juwap tańlanadı hám juwaplar betine belgilenedi.

**1.**

`[0,9 ball]`

Tómende berilgen sózlerdi oqıń.

*1) palwan; 2) pana; 3) process; 4) pámsiz; 5) paraxatshılıq; 6) pashshayı; 7) pochta; 8) pańq-pańq; 9) pah; 10) para.*

**Mısallardan únli jubayı joq únsiz qatnasqan sózler durıs terip kórsetilgen juwaptı anıqlań.**

A) *3, 5, 7, 9* B) *1, 3, 8, 10* C) *2, 4, 6, 9* D) *1, 2, 4, 8*

**2.**

`[1,7 ball]`

Qaysı gáptegi **omonim sóz ráwish mánisinde** qollanılǵan?

A) *Jılqı, túye, qara mal taǵı janlıqları da barshılıq.*

B) *Shınlıqtı aytıp salǵanıma qattı ókpelep qaldı.*

C) *Kóp oylanıp, ábden sharshap boldırıp qaldı.*

D) *Ózińnen zorǵa asılıp, qalma sóytip mayrılıp.*

**3.**

`[1,7 ball]`




A) *2, 5* B) *2, 4* C) *4, 6* D) *1, 3*

**4.**

`[1,7 ball]`

Kóp noqattıń ornına tiyisli sóz tawıp qoyılsa, qaysı gáptegi feyil **awıspalı feyil** xızmetinde keledi?

A) *Mektep alıs bolǵanlıqtan, oqıwǵa hár kúni ... qatnayman.*

B) *Atam qolın mańlayına kólegeylep, kókte ushqan ... tigildi.*

C) *Haywanat baǵına barǵanımda, qápestegi sulıw ... kórdim.*

D) *Muǵallim úyge berilgen tapsırmanı birinshi bolıp ... soradı.*

**5.**

`[2,4 ball]`

Tómende berilgen **sintaksislik belgige iye qurılımdaǵı gápti anıqlań.**



A) *Balalar mektepke arba menen qatnaydı, mektep awıldan qashıq.*

B) *Usta aǵay maǵan bir túrli bolıp qaradı, men úndemey ketip qaldım.*

C) *Terekler samal menen áste shayqaladı, shaqalarda quslar sayraydı.*

D) *Biz jaslar kitapqa kewil qoyıp, bilim shıńına shıǵıwımız kerek.*

**6.**

[2,4 ball]

Dialog penen tanısıń.

*__Monshaqtı__ uslap bir hayal:*
*(1) – Aǵa, mınawıńa ne bereyin?*
*(2) – Eki teńge bere ǵoy?*
*(3) – Ojawıńa ne aytasań?*
*(4) – Bir teńge.*
*(5) – Men aldım, – dedi Ayparsha kempir.*
*(S.Arıslanov)*

**Astı sızılǵan sózdi almasıq arqalı qıya tolıqlawısh sıpatında qaysı qatarda qollanıwǵa boladı?**

A) *3* B) *5* C) *2* D) *4*

**7.**

[2,4 ball]

Tómendegi qurılımǵa iye **teń baǵınıńqılı qospa gápti anıqlań**.




A) *Geshtek tarqaǵan soń, hámme úylerine ketip atırǵanda, Yaqıp penen Tórebay jekke qaldı.*

B) *Eger pitegene aspan túnerip, átiraptı kúl reń orap alsa, Asannıń sınǵan qolı qaqsay baslaydı.*

C) *Barlıq miymanlar tarqasıp, Palwan Jumamurattıń aldına kelgende, shákirt júzi tómen edi.*

D) *Dolılanǵan dawıl qasqırday ulıp, qar borasınlasa da, ol ómirinen nalınıp, mıńq eter emes.*

**8.**

[2,4 ball]

Jay gápleriniń is-háreketi mánilik jaqtan **izbe-izli qatnastaǵı dánekersiz mezgilles qospa gápti anıqlań**.

A) *Samaldıń órindegi qalıń, qara bult siyreksidi, arasınan quyash nurları shashırap kórine basladı.*

B) *Ol qısılmastan jataq jayına aqsha tóleytuǵının túsindirmekshi bolıp edi, kempir onı sóyletpedi.*

C) *Kóz ilmes bálentlikte poshsha torǵaylar juǵırlasadı, taw-taslardıń panasında keklikler sayraydı.*

D) *Jol tanabın quwırǵan atlılardıń sharshaǵanı jekke ketken soń bilindi, jollar artıq ónbey qaldı.*

**9.**

[2,4 ball]

Aralas qospa gáptiń mánisi hám qurılısına dıqqat qaratıń.

**Baǵınıńqı gáp aralas qospa gáptiń eń sońında kelgen mısaldı anıqlań.**

A) *Kúni-túni tınbay jawın jawǵanlıqtan, biz otınǵa da bara almadıq hám úydiń ishi de muz qara kesek bolıp ketti.*

B) *Quslar tereklerden sál bálentirek kóterilip, ájayıp oyın qurmaqta, sebebi úlkemizde báhár húkim súrmekte edi.*

C) *Teńiz tolqınınan demew alǵan samal kúshli esip, kóktegi qara bultlardı quwıp salǵan soń, jadırap kún shıǵa keldi.*

D) *Mánzil jetkermey ketti, alǵa qaray bir qádem de ata almadım, óytkeni ızǵırıq pútkil denemdi qamshılap tasladı.*

**10.**

[0,9 ball]

"Qoblan" dástanında Aqshaxan Qoblandı sırt ellerdegi dáwlerge qarsı jumsaǵanda **neni maqset etken edi**?

A) *Batırlıǵın sınaw*

B) *Dáwlerdi qorqıtıw*

C) *Dos arttırıw*

D) *Qoblannan qutılıw*

**11.**

`[1,7 ball]`

Tolǵawdan alınǵan úzindini oqıń.

*Aylanıp aqqan aq Jayıq,*
*At salmay óter kún qayda?*
*Esigi biyik Boz orda,*
*Eńkeymey óter kún qayda?*
*(Dospanbet)*

**Jırawdıń bul qatarlarında ne sáwlelendirilgen?**

A) *muhabbattan úmitsizleniw*
B) *jawızlıǵına ókiniw*
C) *jeńiske bolǵan isenim*
D) *watanǵa bolǵan saǵınısh*

**12.**

`[1,7 ball]`

"Bolar" qosıǵınan alınǵan shuwmaqtı oqıń.

*Jaqsı menen júrseń uzaq jollarǵa,*
*Ólgenshe qádirdan járdemshi bolar,*
*Jaman menen shıqsań uzaq jollarǵa,*
*Jábiriw-japaǵa kómekshi bolar.*
*(Ótesh)*

**Shayır tiykarǵı ideyanı jarıtıw ushın qanday súwretlew usılın qollanǵan?**

A) *perifraza* B) *tımsal* C) *satira*
D) *antiteza*

**13.**

`[1,7 ball]`

Tómende berilgen shuwmaqtı oqıń.

*Kisi jumsap paydalanıp shalqıǵan,*
*Mayday jaǵıp súyekleri balqıǵan,*
*Jerdiń mayın shómish penen qalpıǵan,*
*Sútxorlarǵa sonsha azap berermen.*
*(Omar "Berermen")*

**Shayır astı sızılǵan qatar arqalı neni sáwlelendirmekshi bolǵan?**

A) *sarańlıqtı*
B) *puqtalıqtı*
C) *jomartlıqtı*
D) *miynetkeshlikti*

**14.**

`[2,4 ball]`

"Ájiniyaz" romanı boyınsha talqılań.

| *I* | *II* |
|---|---|
| *Turım, Ájiniyaz, Qálmen* | *Qudiyar, Sabırbay, Qurbanáliy* |

**Obrazlardıń bul tárizde eki baǵanaǵa ajıratılıw sebebin anıqlań.**

A) *ekinshilerdiń birinshilerdi ózlerinen pás sanap bassınıwı*
B) *medresede tálim alıwı hám ekinshileriniń bay dáwletli bolıwı*
C) *biyler, ekinshileri olardıń aqılgóyi bolıp jetilisiwi*
D) *salıq óndiriwde awızbirshilik penen háreket etiwi*

**15.**

`[2,4 ball]`

I.Qurbanbaevtıń “Tanıslar” atlı satiralıq povestinde ne sóz etiledi?

A) *tiykarǵı mashqalalardan biri – búgingi jaslardıń xojalıq bolıwındaǵı durıs joldı tańlaw máseleleri*

B) *jala, opasızlıq, qıyanet qurbanları, sonday-aq, repressiya qurbanlarınıń ayanıshlı ómirleri*

C) *muǵallimshilik kásibin qoyıp, tazadan ashılǵan salıgershilik xojalıǵına jumısqa kirgen jigit turmısı*

D) *tubalawshılıq dáwirindegi hár túrli sebepler menen máskúnemlikke berilgen jaslar turmısı*

**16.**

`[2,4 ball]`

Q.Áwezovtıń “Tilek jolında” dramasında qazıwdan qaytqan adamlar **ne ushın bolıstıń jigitine 3 manat berip ketken**?

A) *qazıw islerine qatnasqanlarǵa járdem sıpatında*

B) *qazıw islerinen qutılıw ushın para sıpatında*

C) *qazıwshınıń tapqan dáramatınan salıq sıpatında*

D) *qazıwshılardıń ornın toltırıw maqsetinde*

**17.**

`[2,4 ball]`

Eyler-Venn diagramması tiykarında durıs berilgen juwaptı anıqlań.

**S.Xojaniyazov**

“Súymegenge súykenbe” “Aysha”




a) Pyesa qaharmanları turmısqa jaqın.
b) Sol dáwirdegi jámiyettiń kemshiligi komediyalıq jol menen jarıtıladı.
c) Gender teńsizlik, hayal qızlar huqıqınıń ayaq astı etiliwi áshkaralanadı.
d) Jaslardıń qálewleri inabatqa alınbay, bay adamlardıń óz ara quda túsiwi menen baslanadı.
e) Jaslardıń jeke pikirge iye bolıwı, óz muhabbatı ushın gúresiwi súwretlenedi.

A) *I-a, d; II-b; III-c; e*

B) *I-a, b; II-c, b; III-e*

C) *I-b; II-a, d; III-c, e*

D) *I-b, d; II-e; III-a; c*

**18.**

`[0,9 ball]`

Mısaldı oqıń.

*Onı juwapkershiliksizligi boyınsha lawazımınan azat etip, ornına jaqsı qánige qabılladı.*

**Gáptegi tirkewish ózi qatnaslı sóz benen qanday mánide qollanılǵan?**

Juwap: ____________________

**Dıqqat!** Juwabıńızdı juwaplar betine kóshirip jazıń.

**19.**

`[1,7 ball]`

Tómende berilgen gáptegi sózlerdiń mánilik qatnasına dıqqat awdarıń.

*Awıldaǵı dostımnıń genjetay balası jaqsı oqıydı.*

**Mısaldan pısıqlawıshlıq qatnastaǵı sóz dizbegin anıqlap jazıń.**

Juwap: ____________________

**Dıqqat!** Juwabıńızdı juwaplar betine kóshirip jazıń.

**20.**

[2,4 ball]

Tómende berilgen tekstti oqıń.

*Haywanlar patshası arıslan jolbarısqa:*
*– Dúnyada eń aqıllı, kúshli kim? – depti.*
*Sonda túlki aralasıp:*
*– O, ullı patsham, dúnyadaǵı eń kúshli, ǵayratlı hám aqıllısı – óziń, – depti. Tek iyt ǵana buǵan qosılmaptı*
*– Men ushın dúnyadaǵı eń ǵayratlı hám aqıllısı adamzat, – depti.*
*Sonda arıslannıń ashıwı kelip iytti haywanlar arasınan quwǵan eken. Áne, sonnan berli iyt adamnıń dostı bolıp, xalıq onı – jeti ǵáziyneniń biri dep esaplaǵan.*

**Úsh orında túsirilgen irkilis belgilerin tiyisli orınǵa qoyıń hám juwaplar betine izbe-iz jazıń.**

Juwap: ______________________________
**Dıqqat!** Juwabıńızdı juwaplar betine kóshirip jazıń.

**21.**

[0,9 ball]

Úzindini oqıń.

> *"Xan qasında Qabıl zor,*
> *Ógizlikke Oraz zor,*
> *Sheshenlikke Ádil zor,*
> *Maylı sheńgelden ótken soń,*
> *Bárinen de dákeń zor".*

**Erejep tentek astı sızılǵan qatar arqalı kimdi názerde tutadı?**

Juwap: ______________________________
**Dıqqat!** Juwabıńızdı juwaplar betine kóshirip jazıń.

**22.**

[0,9 ball]

"Haqıyqatlar sıylıǵı" shıǵarmasınan alınǵan úzindini oqıń.

*Perzent qádirin úyren ata-anadan,*
*Ilim qádirin úyren bárha danadan.*

**Qanday mazmunda jazılǵanın anıqlań.**

Juwap: ______________________________
**Dıqqat!** Juwabıńızdı juwaplar betine kóshirip jazıń.

**23.**

[0,9 ball]

Shuwmaqtı oqıń.

> *Aydınlar, aydınlar, shalqar aydınlar,*
> *Bizden sáwer yarǵa sálem aytıńlar,*
> *Tolqınlar, yarımdı alıp qaytıńlar,*
> *Yar kórinbes alıslarǵa qarasam.*
> *(Á.Tájimuratov "Aydınlar")*

**Hárbir qatar neshe buwnaqtan turatuǵınlıǵın anıqlań.**

Juwap: ______________________________
**Dıqqat!** Juwabıńızdı juwaplar betine kóshirip jazıń.

**Berilgen tekstti oqıń hám 24, 25-test tapsırmaların usı tekst tiykarında orınlań.**

*Kino óneriniń 4 tiykarǵı túri bar: kórkem film, ilimiy ǵalabalıq film, hújjetli film hám multiplikaciyalıq film.*

*Kino teatrǵa qaraǵanda kópǵana texnikalıq jetiskenliklerdi keń qollanadı hám oǵada kóp sanlı tamashagóylerdi ózine qarata aladı. Kino teatrǵa qaraǵanda waqıyalardı, sharayatlardı sáwlelendiriwde sheklenbegen múmkúnshiliklerge iye.*

*Qaraqalpaq kinematografiyasında ótken ásirdiń 80-jılları dáslepki filmlerden "Tıǵın", "Gúmgúm" sıyaqlı filmler alındı.*

**24.**

[0,9 ball]

Teksten kómekshi sózdiń jazılıwına baylanıslı imlalıq qátelikti tabıń hám ózi dizbeklesken sóz benen dúzetip jazıń.

Juwap: ____________________

**Dıqqat!** Juwabıńızdı juwaplar betine kóshirip jazıń.

**25.**

[0,9 ball]

Tekstte seslerdiń erinlik únlesiwine baylanıslı aytılıwı boyınsha jazılǵan sóz ushırasadı. Sol sózdi tabıń hám imlalıq jaqtan dúzetip jazıń.

Juwap: ____________________

**Dıqqat!** Juwabıńızdı juwaplar betine kóshirip jazıń.

**Berilgen tekstti oqıń hám 26, 27-test tapsırmaların usı tekst tiykarında orınlań.**

*– Meniń de sennen bir tilegim bar, balam! – dedim, – jıldan-jılǵa, shúkir, aqıl-esiń enip kiyatır.* ***Seniń keshegi bir awız qosıǵıńa tańlayı jurttıń taqıldap otır.*** *Úlkeyseń nesiybeńnen kórerseń. Biraq, bul waqıtta taqıldap, sheshensip xalıqtıń kózine túse berme. Jurttıń "yapırmayı" jaqsı emes. Tilsuq ótkish, qanı dushshı adambız. Birewlerge tamasha, qızıq kerek. Birewler bir awız sózge ızalanıp, jaw boladı. Aǵayin-qarındas adambız. Kisini qapa qılma, óserińe jaqsı. Dushpanıńdı kóbeytpe, ónerińe jaqsı . . .*

*K.Sultanov "Ájiniyaz"*

**26.**

[0,9 ball]

Teksttegi astı sızılǵan gápte qanday kórkemlew quralı qollanılǵanın anıqlań.

Juwap: ____________________

**Dıqqat!** Juwabıńızdı juwaplar betine kóshirip jazıń.

**27.**

[0,9 ball]

Teksttegi astı sızılǵan gápte qollanılǵan stilistikalıq figuranı anıqlań.

Juwap: ____________________

**Dıqqat!** Juwabıńızdı juwaplar betine kóshirip jazıń.

**28-30.**

Berilgen tapsırmalardı mısallar menen sáykeslendiriw arqalı orınlań. Hárbir tapsırma bir-birin tákirarlamaytuǵın bir durıs juwapqa iye.

| Tapsırmalar | Mısallar |
|---|---|
| **28.** [1,7 ball]<br>Feyildiń bolımsız formasında qollanılǵan sóz stillik talapqa sáykes bolımlılıq máni ańlatqan gápti anıqlań.<br>**29.** [1,7 ball]<br>Stillik jaqtan nadurıs qollanılǵan almasıq sóz ushırasatuǵın gápti anıqlań.<br>**30.** [1,7 ball]<br>*Hár murnında batpan samal bolıw* turaqlı sóz dizbeginiń mánisin bildiretuǵın sóz qollanılǵan gápti anıqlań. | A) – Qusshılıq ferması qayta shólkemlestirilgende, Úsen is júritiwshi bolıp isley basladı.<br>B) Qarapayım, aq kókirek, til alǵısh bala edi, soń-soń menmensip, ne boların bilmey ketti.<br>C) Pútkil xalıq, gúllán hámme "al-ha Úsen aǵa" degenge ózinen ketti me, bilmeymen.<br>D) Házir onı kim tanımaydı, kim bilmeydi, sen de qatırasań-aw?! Haw, óziń qay balasań?<br>E) – Jurnalistpen, aǵa, ol kisi haqqında kórsetiw tayarlayın dep kelip edim.<br>F) – Olay bolsa, sen onıń jaqsı tárepleriń jaz, jaman jaǵın jazba. |